


MUNZWEI

 Chii chakaitika? Ndinongoshamisika. Kare-kare, zvakanga zvisina kunaka kuti mudzimai apfeke nguwo yemunhurume. Iro...Je...Bhaibheri rinoti, “Chinyangadzo pamberi paMwari.”

² Imi maMethodisti, ndinoda kuregedzera bara rimwe kwamuri: Pakaparidza John Smith mharidzo yake yekupedzisira, yaiva pfupi, yemaawa mana, akwegura zvekuti vaitomutakura kuenda kupuratifomu, uye akati, “Oo, handizivi zvichaitika, kunyangwe vanasikana vechechi yeMethodisti vari kupfeka mhete paminwe yavo.” Ko iko zvino vakapfeka nhumbi dzekutuhwinhisa, vakazvambarara kunze uko pamahombekombe egungwa vari pamberi pechikwata chevarume? Ndimi imi maMethodisti.

³ Zvakanaka, imi maBaptisti: kamunamato kadiki pano neapo; zvino John Smith, muvambi wechechi yeBaptisti, akanamata kusvikira maziso ake avhara nekuzvimba, zvino mudzimai wake aitozomutungamirira kutafura ari mangwanani kuti agomupa kudya kwake kwemangwanani. Munonyadzisa imi maBaptisti!

⁴ Nemiwo maMethodisti asingatendi mukupodza kwaMwari: apo John Smith (ndakamira pachivakwa chakavakirirwa paguva rake, kusiri kare.), rimwe zuva aive akatasva bhiza rake, zvino rakadonha rikatyoka gumbo raro. Zvino akaburuka kubva pabhiza, ndokutora bhodhoru remafuta kubva muhomwe yake akazodza bhiza ndokuritasva achienda! Zviparidze izvozvo muchechi yeMethodisti vanokukandira kunze nepamusuwo. Oo, makambomhanya zvakanaka, chii chakakudzivisa?

⁵ Ndakamira kasiri kare, nemurume mukuru wePresbyteriani akanga akamira parutivi rwangu, mune rimwe boka rinotenda zvakatsauka kuCalifornia. Akati, “Munofungei pamusoro pazvo?” Aisandiziva.

Ndakati, “Zvakanaka.”

⁶ Akati, “Munoziva, imwe nguva chechi yePresbyteriani ndiyo yaiva chechi yakatekeshera kuMahombekombe ekuMadokero.” Akati, “Asi zvino, kuno kwakazouya veChristian Science vakaibvarura kuiita zvidimbu. Uye zvino, hezvino kwakazouya murume yu, ari kubvarura Christian Science kuiita zvidimbu.”

⁷ Zvino ndakati, saka, “Dai makange makapa vana Chingwa cheHupenyu, vangadai vasina kuendera zvinhu izvozvo zvakadaro. Asi vana vane nzara vanodya kubva muhuni remarara.” Nyika ine nzara nhasi yeShoko raMwari Anorarama.

Oo, imi vanhu, chamunoda, imi vafudzi, kupa makwai enyu chikafu (Ndizvozvo.) neShoko raMwari Anorarama.

⁸ Zvino Akaramba achiunza shoko: “Oo, vana veNyu vanoita izvi.” Anonzwa sei. Imbofungidzira iwe uri mudzidzisi, zvino uchifanira kuenda kune wacho. . . Musiki wako, uye wonoreva mashoko pamusoro pemwana waVo Vomene, pamusoro pemazvibatiro.

⁹ Asi, zvino, ko kana mwana wacho ari mwana akanaka? Ko kana mwana wacho aingori pabasa raBaba vake? Zvino Mudzidzisi aizova nenyasha zvakadini. Aizouya oti, “Oo, Changamire vane mutsa, mwana weNyu ari, anongori, ‘chimedu chakabva pane chikuru chacho.’ Akangoita seMi. Anenge angori pabasa reNyu. Oo, Hamuzombofo makawana muzvinabhizimu ari nani kuitira Humambo hweNyu pano angapfuura mwana iyeye.”

Baba vanodada sei, “Oo, mwanakomana waNgu iyeye. Oo, hongu, mwanakomana waNgu.”

¹⁰ Zvokuti Mweya Mutsvene, wakamira muHupo hwaMwari, unoti, “Murume uyu, mwanakomana chaiye. Anoita basa reNyu.” Ko tinotaura sei kuti tiri kuita basa raVo? Uhwu ndihwo hurongwa hwaVo: paridza Shoko. “Ndichinge ndasimudzirwa, Ndichakwevera vanhu vose kwaNdiri.” Zvokuti Vanonzwa zvakanaka sei uye nokunzwa mufaro.

¹¹ Zvino munoziva zvaizotika? Kana mwanakomana iyeye aisazvibata zvine hunhu, aingozosara angori mukomana murambiwa. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, munoziva, ndichiri muCalvinisti zvisihoma, asi ndi—ndinotenda kuti kana wakaberekwa uri mwana waMwari, unogona kuva mwana asingateereri, zvino unorasikirwa nemubairo wako wose, uye unenge usina kusiyana nekungovawo muBaptisti zvake, muPentekosti, muNazarene kana chero zvauro. Asi, kana uri kunyatsoita basa, kana ukateerera nekuva mwana chaiye. . .

Zvino maLutherani, pamakaona kutanga kuti ‘vakarurama vachararama nekutenda,’ makaita dzidziso kubva pazviri. Ndizvozvo chaizvo.

¹² Nemi maMethodisti, pakangouya John Wesley, Shongwe yeMoto, paYaifamba, vakavakira pasi paYo. Zvino John Wesley paakauya, makazwana zvekuberekwa patsva, kana zvanoti kucheneswa, chinhano chaicho chechipiri chebasa renyasha. Zvaive zvakanaka, naizvozvowo kururamiswa kwaive kwakanaka. Asi, muchangoziva kucheneswa, makatara kamutsetse kadiki, kana kuti, vatungamiri venyu vakadaro, mushure merufu rwaWesley, naAsbury, nevamwe vakadaro, zvadaro makabva maita dzidziso kubva makuri, uye mukatara muganhu. Mwari vakabva vangobuditsa kunze Shongwe yeMoto.

13 VePentekosti vakazviwana, kudzoreredzwa kwezvipo. Vakatanga kutaura nendimi. Makaita dzidziso kubva mazviri, mukabva maisa chimiso chenyu pasi. Zvino, Mweya Mutsvene uri kufambira mberi uchibva, uye uchikusiyai. Ndizvozvo chaizvo.

14 Oo, hama, kana ukazvipatsanura kubva pane vamwe vatendi vose, Mwari vanozobva vaenda. Munofanira kudanana. “Izvi vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vaNgu, kana muine rudo mumwe kune mumwe.” Kana muMethodisti nemuBaptisti nemuLutherani nemuPentekosti vakagona kumira vakabatana maoko vachifambira mberi, muchaona kumwe kudururwa kukurusa kweMweya waMwari kwamati makamboona.

15 Dhiyabhore haana basa nazvo kana tichipfurana mumwe nemumwe. “Oo, endererai mberi, rambai muchirwisana, zviuraye pachenyu.” Asi ngatibatanei kuita boka guru rimwe remasoja. Tarisai zvinozoitika zvino. Tarisai zvinozoitika.

16 Zvino, kana mukomana uyu aiva mukomana kwaye, uye achiterera, uye achishanda nesimba, uye a—achifarira kuita zvinhu izvo baba vakamusiira kuti aite, zvino mudzidzisi aiuya achiti, “Oo, mukomana akanaka zvikuru.” Zvino nemumwe musi, apo mukomana abva zera (Zvaifanira kuva zvakaita Chechi, kare-kare.), mukomana uyu aiunzwa panzvimbo yeruzhinji, uye ova nenguwo inopfekedzwa paari, nguwo yakanaka kwazvo. Zvino nevose vemunharaunda vaidanwa.

17 Zvino, nyatsoteererai, mukuvhara. Zvino vanhu vose vaiungana; pamberi pesuwo, kazhinji kacho, ndipo pazvaiitikira. Aizoenda pamberi pesuwo reguta, zvino ipapo ogadzika mukomana wake panzvimbo yakakwirira, zvino omupfekedza, nguwo.

18 Zvino imi vaparidzi pano, ndiri kutaura pamusoro pekugadzwa kwemwanakomana, munoziva, muBhaibheri. Zvino, muna VaGaratia, kana, VaEfeso 1:5, “Nekuti Mwari vakatitemera kusvika pakugadzwa, kana, kuiswa panzvimbo kwevanakomana, kuburikidza naJesu Kristu.” Zvino, aiva mwanakomana pakutanga, asi zvino ava kuteerera kwazvo. Angave ari wesangano ripi zvaro; izvozvo hazvinei nechekuita nazvo. Kuteerera kuShoko, kuteerera kuna Mwari.

19 Zvadaro aizoiswa pachigaro chino chakakwirira, zvino paizova nekupemberera kukuru zvino baba vaigadza mwanakomana wavo akanga ari mumhuri yavo makore ose aya, vakamugadza mumhuri yavo. Nemamwe mashoko, vakanga vamuisa panzvimbo; ndokumupa chinzvimbo chake mumhuri. Uye mushure maizvozvo, zita remukomana wacho raiva rakangofanana pacheki sezviri rababa vake nekuti akanga aiswa panzvimbo.

20 Zvino, hama dzangu maPentekosti, Baptisti, Methodisti nePresbyteriani, chero zvamuri, Muri kuona here patiri

kukundikira nhasi? Muri kuona here? Tiri kukakavadzana zvakananyanya pamusoro pesangano redu, pamusoro pechiremerera chedu, nemasosaiti edu; Mwari havana chavanokwanisa kuita nesu. Tiri vana, asi, oo, dai zuva iroto rakurumidza kusvika apo patinozogona kunge takaiswa pamberi peruzhinji uye takapfekedzwa nguwo yeSimba rekururama kwaVo: kuitira kuti mashoko edu, minamoto yedu zvizopodza varwere; uye kuparidza kwedu kuzoponesa vakarasika; nezviratidzo nezvishamiso zvikuru zveMuBhaibheri zvichadzoreredzwa kuChechi zvakare. Patinoputsira pasi kusawirirana kwedu kudiki, kusina basa, kwehuvana, ndipo apo Mwari vanozviita izvi.

Tarisai, akaiswa panzvimbo uye nokubva ava mwanakomana akasimbiswa zvizere. Zvino zita rake rainge ranaka. Zvino . . .

²¹ Ndiyo nzira iri Chechi, kana tikabva pakusawirirana kwedu kudiki touya kuna Kristu uye tokanganwa nezvenyika yekunze, kana, kukanganwa pamusoro pemasangano edu, nezvimwe zvakadaro, tobva tava vana vanoteerera, tichiita basa raBaba rekuita kuti mweya iponeswe, nekuita zvinhu zvaMwari, mushure mechinguva Mwari vanotiisa kune rimwe divi uye Vanotizodza neMweya Mutsvene, uye zvadaro tinobva taiswa panzvimbo muHumambo hwaVo. Vamwe vane zvipo zvehuchenjeri, vamwe vane zivo, vamwe vane zvipo zvendimi, vamwe vanoparidza Vhangeri, vamwe vaporofita, nezvimwewo zvipo.

²² Asi, zvino, Mwari vari kufambisa zvipo zviri muChechi. Regai ndingozvitaure, zviri pamoyo pangu. Maona, handidi kukurwadzisai, hama. Handidi kukurwadzisai, hanzvadzi. Asi chechi yePentekosti, nemi vanhu veFull Gospel mune zvipo izvi, hamuzivi kuzvichengetedza zviri mugwara. Izvo zvipo; zvakanaka, asi mave kupengereka nazvo. Zviisei munzvimbo yazvo.

²³ Tarisai, chipo chekutanga ndihwo huchenjeri. Ko zvichakubatsira chii kuva nezivo kana usingazivi. . .kuva nehuchenjeri hwekuziva kuisa zivo yenyu mugwara? Ko zvinokubatsira chii kutaura nendimi, kana usina huchenjeri hwekuziva kuti riinhi, sei, uye nepekudziisa pakafanira? Munoono zvandiri kureva? Zvinobatsirei kuparidza kupodza kwaMwari kana zviri kungoparara kuita zvimedu-zvimedu? Hamuzivi kuti . . .

²⁴ Ndakamboti, “Ndakasangana nemhando mbiri dzevanhu muhupenyu hwangu, ndivo avo vanotenda zvepamavambo nemaPentekosti.” Boka revanotenda zvepamavambo pari panzvimbo vanoziva kuti ndivanaani, asi havana kutenda. Shoko harina kubvira rakadzika midzi, haRina kusvika paHupenyu. Asi zvekuva panzvimbo yavo, vanoziva pavari. MaPentekosti vane kutenda, asi havazivi kuti ndivanaani.

Zvakaita, semurume ane mari mubhanga, asingazivi kuti anonyora sei cheki, zvino mumwe wacho anogona kunyora cheki, asi asina mari mubhanga. Kana waigona kuvaisa pamwe chete.

Oo, Mwari, tipeiwo chechi yemweya inotenda zvepamavambo, kana kuti chechi yePentekosti inotenda zvepamavambo.

²⁵ Mune kutenda kuzhinji, asi musingazive kuti munokuisa sei; kunongoenda kuchiita zvekupengereka. Nenzira iyoyo zvinounza kushorwa kupfuurira zvazvinganakira. Zviisei muBhaibheri. Iri ndiro Gwara rokutevedzera; kwete zvinoda vanhu, asi zvinodiwa naMwari. Mirai makatwasuka nehurongwa hwaKe. Ndiwo musiyano; ndokusaka tisiri kuenda mberi nenzira yatinofanira kunge tiri, shamwari.

²⁶ Zvino, vachakamira ipapo, cherechedzai, kuti apo vari muHupo hwaMwari...Zvino, muTestamende Yakare, Mwari havana kumbobvira vakakumbira munhu kuita chero chinhu kunze kwekuti Ivo vazviite pachaVo. Munhu paakatongerwa rufu, kuti afe, nzira yoga iyo Mwari yavaigona kumudzikinura nayo yaive yekudzika munyama, uye vitora nzvimbo yake.

²⁷ Ndicho chikonzero ndakaparidza nenzira yandakaita husiku hwapfuura: Kristu anopfuurira kuva munhu; Iye ndiMwari; Aifanira kuuya, akapfeka nyama kuti aravire chivi; Aisakwanisa kutumira mumwe munhu; Aisazove akarurama nekuita izvozvo; Aitofanira kuuya pachaKe. Zvino Akafukidzira mhandara, nekusika chizenga cheRopa chakaunza Mwanakomana wacho, Zvino Mwari vakagara muMwanakomana, vari mumutumbi pano paNyika. Vakange vari *Emanueli*, kwete muporofita, asi "Mwari vanesu!" Mwari vaiva muna Kristu vachiyananisa nyika kwaVari. Ndiyo nzira yoga yaVaigona kuravira chivi nerufu, kwaiva kuitwa uyo anofa semunhu.

²⁸ Mudzikinuri wehama waRute, izvo zvandakaparidza pamusoro pazvo zvakanyanya munyika mose, sekuverenga zvichida kwamakaita mharidzo dzacho; oo, aitofanira kuva hama yepedyo kuti ave mudzikinuri. Zvino nzira yoga iyo Mwari vaizogona kuva Mudzikinuri, Vaitofanira kuva Hama yepedyo kwatiri. Zvino Vakava nyama vakagara pakati pedu. Ndiye Hama yedu yepedyo. Aiva Munhu wenyama sezvandakaita, sezvamuri, asi, Mwari vaigara maAri kuti vatambudzike uye nekunzwa, nekuravira, vachishandisa pfungwa shanu sezvatiri. Vakava Mudzikinuri.

²⁹ Uye zvakare, paAkange akamira ipapo paGomo reKushandurwa, Mwari vairatidza kunyika zvaVakakumbira munhu kuti aite kumashure uko ari pasi pekugadzwa kana kuiswa kwevanakomana panzvimbo.

³⁰ Petro akafarisa zvikuru. Kazhinji vanhu vanodaro kana vari muHupo hwecheMweya. Kazhinji havakwanisi kuzvidzora

nekuti ivo zvisikwa zvepanyika, asi zvakadaro, ivo zvisikwa zveDenga, zvakare. Asi kufanoravira ikoko kunovaita kuti vapengereke.

³¹ Ndizvo zvakaitika kuchechei yePentekosti. Maona? Kufanoravira ikoko, hauzivi kuti unozvidzora sei. Munobuda mumafungiro kwawo. Hamuzive maisirwo panzvimbo ezvipo izvozvo zvendimi, nedudziro dzacho. Muparidzi achiri kutaura, dzimwe nguva, vanongosimuka ipapo vachitaura, ipapo muparidzi achiri kutaura. Zvinopesana neBhaibheri. Zvino munoti, “Oo, Mwari vapa shoko reizvi. Zvitsva pane Bhaibheri.” Kwete, hazvisi! Izvo. . .

³² Mashoko ako anokundika, uye zvinhu zvose zvinokundika, asi Bhaibheri rakati, “Kana paine munhu wemweya kana muporofita pakati penyu, ngaabvume kuti zvandinonyora mirairo yaMwari.” Uye, “Kunyangwe Ngirozi inobva Kudenga ikaparidza chero rimwe vhangeri risiri iro rakaparidzwa, ngaive yakatukwa.” Munoono zvandiri kureva?

³³ Saka, kana ukaedza kukwazisana mawoko nevanhu kuti uvapinze muHumambo hwaMwari, unenge uchikanganisa. Vanoberekwa muHumambo hwaMwari neMweya Mutsvene. Havabhabhatidzwe chiso chiri mberi, nemanhede, vachisaswa, vachidirwa, mune rimwe zita kana rimwewo. Vanoberekwa neMweya waMwari muHumambo hwaMwari.

³⁴ Petro akava nemufaro mukurusa. Akati, “Ishe, ngativakei matumba matatu. Tichavaka rimwe raMosesi nevose vanoda kuchengeta murairo. Mosesi aimiririra murairo. Vose vanoda kuchengeta mirairo, mitemo, uye vasingadyi nyama, nezvakadaro, vasiyei vachizviita. Zvino tovaka rimwe raEria. Uye tovaka rimwe reNyu.”

³⁵ Zvino, Mosesi aimirira murairo, mirairo yose. Zvino hakuna munhu anoponeswa nemurairo. Murairo wakanga usiri muponesi, murairo waiva semudzidzisi wechikoro. Murairo waiva murango wacho. Murairo waikudziridza chivi. Neimwe nzira, murairo waiva tirongo, umo Mweya wakakuisa mutirongo, asi, hawaisagona kudzikinura; wakanga usina chiri mauri chinodzikinura. Jesu aiva Mudzikinuri. Zvino, Mosesi aimiririra murairo. Nemurairo, hapana nyama inoponeswa. Ndicho chikonzero Akaunza zvapupu zvitatu kubva Kudenga.

³⁶ Zvino, Eria aimiririra mutongo waMwari. Zvino hama yangu, unganyatsotaura here wakashinga kuti iwe ungada mutongo kubva kunaMwari? Iwe wakazarwa muchivi, ukaumbwa mukusarurama, wakauya panyika uchireva nhema. Woti unoda mutongo? Mwari vakati, “Zuva raunoudya, zuva iro ro uchafa.” Zvatopera. Wawana mutongo, waparara.

³⁷ Uye murairo? Murairo unozviunza pamberi pako, woti, “Pano, wasungwa; wakaita chivi; wakadarika; uye tirongo rako

rakavhurikira iwe, gehena pacharo: pinda mariri.” Ndizvo zvairehwa nemurairo.

Zvino mutongo wakarurama wakanga usingadi murairo. Shoko rakanga ratotaurwa. Ndizvo zvega. Mwari vanofanira kuchengeta Shoko raVo.

³⁸ Tarisai Eria, waMwari...akange ari nzira yekutonga kwaMwari. Aive akagara pamusoro pechikomo, akati, “Kana ndiri munhu waMwari,” apo pakauya mukuru uya weboka remauto makumi mashanu, akati, “regai Moto uuye kubva Kudenga.” [Hama Branham vanoridza minwe yavo—Mupepeti] Ipapo, ndopakaperera vane makumi mashanu.

³⁹ “Saka,” mambo vakati, “pamwe mheni yavarova. Oo, handitendi mumazuva eminana, saka pamwe yaiva mheni kana chimwewo chinhu chakavarova; yanga iri tsaona yangoitika. Ndichatumira vamwe makumi mashanu.”

⁴⁰ Muporofita uya mutana akasunga chiso, wemutongo wakarurama akamirapo, akati, “Kana ndiri munhu waMwari, Moto ngauburuke kubva Kudenga.” Zvino moto wakaburuka, ukapisa vamwe makumi mashanu. Yakanga isiri tsaona, ipapo. Sei? Aiva nzira yekutonga kwakarurama kwaMwari.

Pasambobvira pakaita chero mumwe wenyu angaedza kumira pamutongo waMwari. Pasambobvira pakaita chero mumwe wenyu angaedza kuenda Kudenga nemurairo. Tarisai patakamira.

⁴¹ Petro akati, “Ngativakei matumba matatu.” Tarisai rima racho. Takatoparara kubva kumavambo. Mutongo waMwari unoda mubhadharo; mubhadharo unoda mubairo; mubairo wacho rufu. Murairo unozvikudza uye unotikandira pasi pekusungwa wobva watiisa mutirongo. Chimiro chakasviba kwazvo cherudzi rwemunhu.

⁴² Asi, oo, shamwari yangu inodikanwa, inonzwisa urombo, yakapera basa, tendetsa musoro kuno uku. Hapo Jesu amire. Jesu akakudziridzwa, semwanakomana kumashure uko pasi peTestamende yaKare. Akabwinyiswa, tingangoti. Oo, hanzu dzaKe dzakapenya sezuva, uye Izwi rakabva Kudenga rakati, “Uyu Mwanakomana waNgu anodikanwa; Munzwei.”

⁴³ Saka, masangano edu ose, kukanganisika kwedu kwose, kupesana kwedu kwose hakurevi kana chinhu. Jesus aimiririra rudo rwaMwari. “Mwari vakada nyika kwazvo, Vakapa mwanakomana waVo akaberekwa ari oga, kuti ani naani anotenda maAri haazoparari, asi anowana Hupenyu Husingaperi.”

⁴⁴ Saka hazviwanikwi mukutonga. Hazviwanikwi mumurairo kana zvawakaita. Zviri mutsitsi nerudo rwaMwari, kuti Kristu akauya panyika akatora nzvimbo yako.

⁴⁵ Mwari paChavo vakati, “Zvino tarisai, Ndiri kuzivisa izvi pamberi peDenga: Hakuna munhu anogona kuponeswa nemurairo, zvatopera. Ndichazivisa izvozvo panyika kuti hakuna munhu anogona kuponeswa nemurairo, hakuna munhu anogona kuponeswa nemutongo wakarurama. Asi, ‘Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa.’ Hakuna munhu angaponeswa nekuva nhengo yechechi yeBaptisti. Hakuna munhu anogona kuponeswa nekuva nhengo yechechi yeMethodisti. Hakuna munhu anogona kuponeswa nekuva nhengo yechechi yePentekosti. Asi, ‘Uyu Mwanakomana waNgu anodikanwa, waNdinofarira kugara maAri. Munzwei.’”

⁴⁶ Ko kuMunzwirei? Ndiye Oga anokwanisa kuponesa. Ndiye Oga anokwanisa kupa rugare. Ndiye Oga anokwanisa kupodza. Murairo haukwanise kupodza; haukwanise kunyangwe mutongo uchizvida. Asi Mwanakomana waMwari anokwanisa kuponesa nekupodza uye nekupa rugare. Nekuti, “Akakuvadzwa nokuda kwekudarika kwedu, akaiswa maronda nekuda kwekusarurama paKe; uye namavanga aKe takapodzwa.” Munzwei.

⁴⁷ Kana uri muMethodisti, gara ipapo, asi Munzwei. Kana uri muPentekosti, gara ipapo, asi Munzwei. Chero zvazviri, chero kwaunobva, izvozvo hazvinei nechekuita nazvo. Kana uri mwana waMwari akaberekwa patsva, uye wakazadzwa neMweya Mutsvene, uye uri muRoma Katorike, Munzwei. Mwari vachagadzirisa zvimwe zvacho zvose. Imi Munzwei chete, uye Mwari vanozogadzirisa zvimwe zvose.

⁴⁸ Zvatinoda nhasi, hama, mukutaura kwangu kwekupedzisira ndichivhara ndekwekuti: Tinoda anopikisa. Tinoda mumwe munhu anoratidza rudo rwaMwari. Tinoda imwe chechi, mamwe mapoka evanhu. Mupata uyu, pano, unoda boka revanhu, chikamu chose chepasi rose chinoda boka revanhu kuratidza kuvimbika kwemazvirokwasvo kwamakafukidzirwa nako naMwari kuburikidza neMweya Mutsvene, uye ndokukupai rudo. Apo. . .



MUNZWEI SH057-0317
(Hear Ye Him)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, Kurume 17, 1957, paLake County Fairgrounds muLakeport, California, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2021 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org